

BAB 1

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Basa téh mangrupa alat nu dipaké ku manusa pikeun komunikasi antar jalma dina kahirupan sapopoé. Hal éta saluyu jeung nu dijéntrékeun ku Wiratno jeung Santosa (2014, kc. 2) yén basa téh alat komunikasi dina bentuk kecap, gundukan kecap, klausa, jeung kalimah, boh sacara tinulis boh sacara lisan. Dina makéna basa, urang bisa nepikeun ideu, gagasan, pikiran, jeung nepikeun pamadegan.

Karya sastra téh nya éta karya seni anu aya pakaitna jeung basa. Dumasar kana warnana, karya sastra anu kaasup wangun lancar (prosa) di antarana: dongéng, skétsa, carita pondok, roman, jeung novel. Anu kaasup wangun ugeran (puisi) di antarana: mantra (jangjawokan, singlar, asihan, jampé, rajah, ajian), kakawihan, sisindiran, (rarakitan, paparikan, wawangsalan), sair, pupuh, guguritan, jeung carita wawacan. Ari anu kaasup wangun carita (drama) di antarana: sandiwara, opera, jeung gending karesmén (Iskandarwassid, 2003, kc. 112). Saterusna, dijelaskeun yén carita pondok téh nya éta karya (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar (prosa naratif). Galur carita rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangrupa hiji “épisodeu”, palaku ogé ngan ukur dua, tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita téh rélatip pondok. Umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita téh diolah dina alam kiwari (Iskandarwassid, 2003, kc 113).

Carita pondok téh nya éta karya (tinulis) rékaan atawa fiksi dina wangun lancar, prosa naratif. Galur carita rélatip basajan lantaran jumlah kajadian caritana henteu réa, museur kana hiji kajadian utama, mangrupa hiji “épisodeu”, palaku ogé ngan ukur dua atawa tilu. Ku lantaran kitu, ieu carita téh rélatip pondok. Umumna mah jejer, latar (*setting*), jeung kajadian carita téh diolah dina alam kiwari (Iskandarwassid, 2003, kc. 113). Kitu ogé nu ditétélakeun ku Ajip Rosidi (dina Koswara, 2007, kc. 36) carita pondok téh nyaéta hiji bungkeleukan ideu, anu nyangkaruk dina kassinggetan jeung padetna carita anu lengkep, singget, jeung buleud.

Kiwari, carita pondok ogé aya nu dikumpulkeun dijieun buku kumpulan carita pondok. Salah sahijina nya éta kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata. Carpon kanyaah kolot téh mangrupa buku beunang sababaraha pangarang (antologi). Nilik kana judulna geus kasawang eusina tangtu ngabogaan ajén-inajén. Dina ieu panalungtikan ngulik ngeunaan kalimah salancar jembar anu aya dina éta carpon.

Ditalungtikna ieu kalimah salancar jembar dina hiji karya téh lantaran kalimah salancar jembar miboga peran anu penting dina hiji basa, hususna dina hiji karya sastra. Salian ti éta, survey nu dilakukeun ku Sri (2020) nyébutkeun dina karangan pribadi Siswa kelas VII, kapanggih masih aya kenéh sawatara kalimah anu teu luyu jeung adegan basa Sunda. Jaba ti kitu, ku aya na ieu panalungtikan bisa nambahan élmu pangaweruh tur ngajembaran ngeunaan kalimah. Hususna kalimah salancar jembar nu ditilik ngaliwatan struktural jeung sémantik. Sangkan nu maca miboga kamampuh dina nyusun kalimah sarta bisa maham kana kontéks nu aya dina kalimahna.

Anapon alesan nalungtik ieu carpon kusabab eusi nu aya dina kumpulan Carpon *Kanyaah Kolot* téh basajan, pangarangna tapis pisan dina nyaritakeun pasualan anu meulit dina tokoh-tokohna. Unggulna ieu buku upama dibandingkeun jeung sastra nu sején nyaéta caritana luyu atawa asup kana sakabéh pajamanan anu maca. Ogé ajén nu aya dina ieu buku téh kawilang réa. Pangarang némbrakeun pasualan anu kawilang *universal* dina diri manusa ngaliwatan basa tinulis. Ku kituna, carpon *Kanyaah Kolot* dijadikeun objék dina ieu panalungtikan. Kalimah nu aya dina carpon *Kanyaah kolot* mibanda rupa-rupa harti nu kudu diteleuman sacara gemet. Ku kituna, panalungtik ngayakeun panalungtikan dina ulikan struktural jeung sémantik kana éta buku kumpulan carpon. Jaba ti kitu, ku aya na ieu panalungtikan dipiharep bisa méré pangaweruh tur ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan kalimah salancar jembar nu diulik ngaliwatan ulikan struktural jeung semantisna.

Carpon *Kanyaah Kolot* diwangun ku kumpulan kalimah, salah sahijina nya éta kalimah salancar. Kalimah salancar mangrupa kalimah anu diwangun ku hiji klausa. Nurutkeun kalengkepan unsur klausana, kalimah salancar téh bisa

dibédakeun jadi kalimah salancar basajan jeung kalimah salancar jembar. Dina ieu panalungtikan dihususkeun medar ngeunaan kalimah salancar jembar.

Kalimah salancar jembar nyaéta kalimah salancar anu diwangun ku unsur-unsur fungsional wajib jeung unsur fungsional wenang anu mangrupa adverbial (katerangan). Ku lantaran kitu, adegananana bisa mangrupa pola salah sahiji kalimah basajan anu dilegaan maké adverbial (katerangan) jeung atawa tanpa modalitas (Kuswari jeung Hernawan, 2010, kc.195).

Ulukan struktural jeung sémantik dina buku kumpulan carpon kanyaah kolot téh, mangrupa tarékah panalungtik sangkan kapanggih struktur jeung harti kalimahna. Éta hal mangrupa ciri yén basa téh sipatna dinamik. Hartina, basa bisa ditalungtik ngaliwatan sababaraha ulikan.

Ulukan dina widang basa tangtuna bisa ditalungtik tina rupa-rupa objék. Salah sahijina tina segi sémantik. Sémantik téh raket patalina jeung adegan kalimah, ari kalimah mangrupa salah sahiji unsur penting dina karya sastra sabab hal éta ogé bisa jadi tolak ukur kaparigelan pangarang dina nepikeun maksud sangkan bisa katarima atawa kacangking ku nu maca kalawan bener. Sakumaha nu ditétélakeun ku Ramlan (dina Sudaryat, 2009, kc. 25), yén kalimah nya éta satuan gramatikal nu diwatesan ku ayana jeda panjang nu dibarengan sora ahir turun atawa naék.

Panalungtikan ngeunaan kalimah salancar jembar kungsi aya nu nalungtik tina jihat pragmatik, nyaéta *Wujud Jeung Harti Pragmatis Kalimah Salancar Jembar Dina Novel “Béntang Hariring” Karya Dian Héndrayana* ku M.Lutfhi Firdaus. Kitu ogé carpon carita pondok kanyaah kolot kungsi aya nu nalungtik tina ulikan struktur jeung moral, nya éta *Kumpulan Carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP Kelas VII (Tilikan Struktur jeung Ajén Moral)* ku Jaenudin. Panalungtikan ngeunaan kalimah salancar jembar anu patali jeung novél Sunda ogé kungsi aya nu nalungtik, nya éta *Kalimah Salancar Jembar Dina Novel Laleur Bodas Karangan Samsu (Ulukan Sstruktural Jeung Sémantik)* ku Wanda Djulistiana Wiguna Mukti. *Kalimah teu Sampurna dina Novel Raslah Kodeu Binér karangan Dadan Sutisna pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMA (Tilikan struktur jeung sémantik)* 2012. *Wanda Kalimah Éksprésif dina Novél Kembang-Kembang Petingan Karya Holison. M.E (Ulukan Struktur jeung Pragmatik)* ku Fanni Rahma, 2017.

Tina sawatara panalungtikan di luhur, dumasar kana kajian kalimah salancar jembar, tangtu masih loba nu kudu diguar ngeunaan struktur kalimah salancar jembar. Panalungtikan saméméhna nu medar ngeunaan kalimah salancar jembar téh kawilang réa. Disagédéngeun éta anu ngabedakeun jeung panalungtikan panalungtik mah nyaéta dina sumberna. Sumber panalungtikan nu dipaké ku M. Lutfhi mah nyaéta novel *Béntang Hariring* Karya Dian Héndrayana. Ari dina ieu sumber panalungtikan mah tina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata. Dina ieu panalungtikan nyoko kana buku kumpulan carpon anu ngabahas ngeunaan kalimah salancar jembar, nu di jerona nganalisis ngeunaan jenis-jenis adverbial dina éta carpon make ulikan struktural jeung sémantik. Ku kituna, ieu panalungtikan dijudulan Kalimah Salancar Jembar dina Buku kumpulan “Carpon Kanyaah Kolot karya Karna Yudibrata (Ulikan Struktural jeung Sémantik)”.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Dumasar kana kasang tukang anu geus diébréhkeun di luhur, kapanggih rupa-rupa masalah. Aya sababaraha masalah dina ieu panalungtikan nu perlu diidéntifikasi.

- a. Maluruh kalimah salancar jembar,
- b. Struktur kalimah anu mangrupa pola-pola kalimahna,
- c. Harti kalimah salancar jembar disawang tina unsur fungsional kateranganana.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana identifikasi masalah di luhur, bisa dirumuskeun sababaraha masalah. Éta masalah téh bisa dirumuskeun dina wangun pananya saperti ieu di handap.

- a. Kalimah salancar jembar naon waé nu kapanggih dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata?
- b. Kumaha struktur kalimah salancar jembar dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata?
- c. Kumaha harti kalimah salancar jembar dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, di antarana aya tujuan umum jeung tujuan khusus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan nya éta pikeun mikanyaho, ngadata, jeung nganalisis kalimah salancar jembar, struktur kalimah salancar jembar anu di jerona ngawengku pola-pola kalimah, fungsi, kategori jeung peran unsur fungsionalna, anu aya dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara khusus tujuan ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun jeung nganalisis:

- a. kalimah salancar jembar anu aya dina buku kumpulan carpon *kanyaah kolot* karangan Karna Yudibrata.
- b. Struktur kalimah salancar dina carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata.
- c. Harti kalimah salancar jembar dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata.

1.4 Mangpaat/Signifikansi Panalungtikan

Mangpaat dia ieu panalungtikan diwincik jadi dua nya éta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Sacara téoritis, panalungtik miharep bisa ngajembaran élmu pangaweruh ngeunaan kalimah salancar jembar dumasar struktur jeung peran sémantik nu aya dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karya Karna Yudibrata.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat:

- a. Pikeun nu maca, bisa nambahan pangaweruh ngeunaan kalimah salancar jembar dumasar kana struktur jeung peran semantik dina buku kumpulan carpon *Kanyaah Kolot* karangan Karna Yudibrata.

- b. Pikeun guru, ieu panalungtikan dipiharep bisa jadi pangaweruh hususna ngeunaan kalimah salancar jembar sangkan bisa dilarapkeun dina pangajaran ngeunaan kalimah.
- c. Pikeun panalungtik satuluyna, ieu panalungtikan dipiharep bisa méré gambaran pikeun nambahan naon anu kurang dina ieu panalungtikan.

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu panalungtikan, dibagi jadi lima bab.

Bab I Bubuka, dina ieu bab masalah anu dipedar ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan (tujuan umum jeung tujuan husus), mangpaat panalungtikan (mangpaat praktis jeung tioritis), jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Téori, eusina ngawengku ulikan téori, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kalimah salancar jembar, adegan kalimah salancar jembar, struktur, jeung peran sémantikna.

Bab III Ngeunaan métodologi panalungtikan, eusina ngawengku, desain panalungtikan, data sumber data panalungtikan, metode panalungtikan, instrumen panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung tehnik ngolah data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, eusina ngawengku analisis kalimah salancar jembar.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rekomendasi tina hasil panalungtikan. Dina ieu bab dipedar eusi kacindekan, implikasi, katut rekomendasi tina hasil analisis panalungtikan.

